# ТОБА ДАРАН А, ГЕЧДАР ДЕХАРАН А ЛАМАЗ
# СОЛАТУТ-ТАВБАТИ ВАЛ-ИСТИГІФАР

Адама Султана Олхазар

## Тоба даран ламазан хьукм

Тоба даран ламаз дар суннат ду, диъ мазхIабан массо Iелам-нехан бартхиларца.

### Тоба даран ламазан дозалла

Абу Бакара – Дела реза хуьлда цунна – аьлла: «Суна хезира Делан Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – олуш: **«Цхьа а стага цхьа къа латор дац, тIаккха ша и къа латийначул тIаьхьа хьала а гIаьттина цIано а йина (ламаз а эцна), тIаккха ламаз а дина, тIаккха АллахIе гечдар дехча, АллахIа цунна гечдина бен» ТIаккха цо дийшира хIара айат:** ***(Шайна ялсамани лур йолу, Делах кхоьруш берш бу) шаьш цхьа вон хIума дича, йа шаьш шайна зулам дича, АллахI а хьахийна, шайн къинош гечдар дехнарш – ткъа АллахI воцучо кхин хьан гечдо къиношна – шайна (иза вон дуй) хуъушехь шаьш динчунна тIехь лаьтташ боцурш*** ».[1]

Делан Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – оцу айатан тафсир деш санна хьахийна и ламаз дар а, гечдар дехар а. Ткъа оцу айатан маьIнана тIехь ойла йича а, оцу хьадисан дешнаш тIехь ойла йича а девза вайна оцу ламазан дозалла: ахь латийначу къиношна гечдаран бахьана ду иза.

### Тоба даран ламазан хан

Вайна ма-хаъара, къинойх тоба дар важиб ду, ткъа цхьамма къа латийнехь – доккханиг делахь, жиманиг делахь а – цо даггара дохко а ваьлла, тоба а дина, тIаккха тоба даран ламаз а дина, АллахIе шена гечдар дехахь, АллахIа гечдийр ду цунна, хьадисехь деана ма-дарра. Ткъа хIокху ламазан вуьшта кхин билгал йина хан яц, цундела муьлхха хенахь а дан мегаш ду иза.

### Тоба даран ламазан куц

Цуьнан куц кхидолу ламазан куц санна ду, кхин хIумма а хийцалуш дац.

Тоба дар ламазал хьалха хилча дика ду, гечдар дехар а, тоба къобал дар дехар а ламазал тIаьхьа хилча дика ду, Дала Шен доьхьа ламаз дича жоп даларга герга долу дела.

### Тоба даран ламазан ракаIаташ

Тоба даран ламаз дуьйцуш долчу хьадисашна юкъара дукхах долчу хьадисашкахь билгалдинарг ши ракаIат ду, ТIабаранийс дийцинчу цхьана хьадисеь диъ ракаIат а ду. Цундела, гIолий дерг ши ракаIат дар ду, луучо диъ дича а хIумма а дац.

[1] Иза дийцина Ахьмада а, Тирмизийс а, Абу Давуда а, Насаийс а, Ибн Маджас а, Ибн Хьиббана а, БайхIакъийс а.